JOURNAL OF UNIVERSAL SCIENCE RESEARCH

# SUFIZMNIŃ YASSAWIYA TARIQATÍNDA MÁNAWIYAT MÁSELELERI

***Saliyeva Gulbanu Puxarbay qizi***

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

*2-kurs magistrantı*

***Annotaciya:*** *Maqalada avtor sufizm hám onıń tariqatlarınıń biri Yassawiyanıń tiykarın salıwshısı Xoja Axmet Yassawiy dóretiwshiligine toqtalıp ótken. Sonıń menen birge Xoja Axmet Yassawiydiń ruwxıy kámil insan, bárkamal jaslardı kámalǵa keltiriwdegi bahalı pikirlerin de keltirgen.*

***Tayanısh túsinikler:*** *Sufizm, tariqat, Yassawiya, kámil insan, tárbiya, milliy tárbiya, Renessans.*

***Annotatsiya:*** *Maqolada muallif tasavvuf va uning toriqatlarınıng biri Yassaviya asoschisi Xo'ja Axmad Yassaviy ijodiga to'xtalib o'tgan. Shuningdek, Xo'ja Axmad Yassaviyning ma'naviy komil inson, bárkamal yoshlarni voyaga yetkazishdagi bebaho fikrlarini ham keltirib o'tkan.*

***Tayanch tushunchalar:*** *tasavvuf, toriqat, Yassaviya, komil inson, tarbiya, milliy tarbiya, Renessans.*

***Аннотация:*** *В статье автор остановился на творчестве Ходжи Ахмада Ясави, основателя суфизма и одного из его торикатов-Ясавии. Ходжа Ахмад Яссави также привел бесценные мысли о воспитании духовно совершенного человека, гармоничной молодежи.*

***Ключевые слова:*** *мистика, торикат, Яссавия, совершенный человек, воспитание, национальное воспитание, Ренессанс.*

Elimizdiń keyingi rawajlanıwında ózine tán jolın tańlawı hám barlıq tarawlarda dúnyanıń eń rawajlanǵan mámleketleri dárejesine jetip alıwı sıyaqlı iygilikli maqsetti ámelge asırıw ushın hár tárepleme jetik insanlardı tárbiyalaw zárúrligi hámmemizge málim. Mánawiy jetik kámil insanlardı tárbiyalaw máselesin unamlı sheshiwde xalqımızdıń tariyxıy qádiriyatları, mánawiy baylıqları, ata-babalarımızdıń bizlerge qaldırǵan ilimiy miyrasları hám tariyxıy-tárbiyalıq tájriybelerin úyrenip shıǵıw, olardıń jetiskenliklerin turmısqa, tálim-tárbiya islerine engiziwdiń áhmiyeti úlken bolıp tabıladı.

Ata-babalarımız shıǵarmaların úyreniw hám analiz etiw, olardıń ómiri, dóretiwshiligi hám miyrasların ilimiy-pedagogik kóz-qarastan izertlew ayrıqsha ámeliy

áhmiyetke iye. Ótmishte ullı ulamalarımız shaxs mánawiyatın jetilistiriw, ádep-ikramlılıqtıń jetik úlgilerin engiziw, Watan hám xalıq keleshegi, párawan turmıs, hadal miynet penen kún kóriw, ilimdi rawajlandırıw, qorshaǵan ortalıqqa aqılǵa muwapıq, sanalı múnásebette bolıwǵa baylanıslı óz kóz-qarasların kóplep shıǵarmalarında keltirip ótken.

Mámleketimizde ǵárezsizlik jıllarında “Ullı dóretiwshiler hám oyshıllarımızdıń kemnen-kem ushıraytuǵın miyrasları, ibratlı ómiri hám jámiyetlik iskerligin hár tárepleme tereń úyreniw hám úgit-násiyatlaw, jaslarımızdı ózlikti ańlaw, milliy hám ulıwma insanıy qádiriyatlarǵa húrmet ruxında tárbiyalaw” [1] dáwirdiń aktual wazıypalarınan biri ekenligin Prezidentimiz Shavkat Mirziyoyev óz shıǵıp sóylewlerinde bir neshshe ret atap ótedi.

Islam dini hám sufizm filosofiyası da adamlardı iyman, ádep-ikramlıq, diyanat, mádeniyat, mánawiyat hám aǵartıwshılıqqa baslaǵan. Sonlıqtan adamlar sufizm filosofiyası qaǵıydalarına hám onıń úgitlerine ámel qılıp kelmekte.

Oraylıq Aziyada payda bolǵan sufizm tariyqatlarınıń biriniń tiykarın salǵan Axmet Yassawiy bolıp, túrk dúnyasınıń eń belgili shaxslarınan bolǵan. Farididdin Attar onı “Turkistan piri” dep ataǵan edi. Ullı shayır Alisher Nawayı bolsa “shayıxlar shayxı” dep ataǵan. Abdurauf Fitrattıń aytıwınsha, Yassawiy “ádebiyatda tutqan jolı ápiwayı xalıq shayırlarımızdıń tutqan jolı bolıp tabıladı... Onıń hikmetleri uyqaslıqta, usılda xalıq ádebiyatı atalǵan qosıqlar menen teńdey” [2].

Axmet Yassawiydiń belgili shıǵarmalarınıń biri “Diywanı hikmet”. Shayırdıń shıǵarmalarında ómirdiń barlıq basqıshları “shariat”, “tariqat”, “máǵrifat” hám “haqıyqat”tan ibarat degen ideya óz kórinisin tapqan [3]. Yassawiy óziniń “Hikmet”lerinde insandı qádirleydi, onı ádalatsızlıqtan, zulımnan qorǵawǵa shaqıradı. Bul haqqında: “... qayda kórseń kewli sınıq, málham bolǵıl, Onday mazlum jolda qalsa, hamdam bolǵıl” [4], – deydi.

Ullı oyshıldıń tiykarǵı maqseti adamlardı Allanı tanıwǵa shaqıradı, insandı qudaydıń eń áziz bendesi sıpatında qádirlew, ádalatsızlıqtı qaralaw, bul dúnyanıń daǵların insanǵa juqtırmawdan ibarat.

Jáne ol hikmetlerinde ómirdiń qısqalıǵı, onı mazmunlı ótkeriwge shaqıradı. Shayır mal-dúnyaǵa ósh adamlardı, káypi-sapaǵa berilgenlerdi qaralaydı. Ásirese, ol bay, húkimdarlarǵa qaray:

Dúnya meniń múlkim degen sultanlarǵa,

Álem malın sansız jıyıp alǵanlarǵa,
Ayshu ishrat penen mashǵul bolǵanlarǵa,
Ólim kelse, biri opa qılmas ermish [5].

Danıshpannıń pikirinshe, "Haqtıń sózin emes, ózin biliw" tiykarǵı másele. Sonıń ushın "...bul dúnya ráhátin izlegen suwpı suwpı emes, ibadat qılıp, hadallıq hám páklik haqqında aytıp, dúnya ǵamın shegip, xalıq táshwishi menen jasaǵan insan ǵana haqıyqıy suwpılar", − deydi.

Shıǵarmanıń basınan aqırına deyin insaniy pazıyletler bolǵan: ápiwayılıq, kishipeyillik, mehir-muhabbat, ıshqı, sadıqlıq, opadarlıq, haqıyqat, ádalat, kóp pikrlilik, insandı insannan ayırmaslıq sıyaqlı máseleler filosofiyalıq kóz-qarastan násiyatlanıp, kerisinshe jamanlıq, nadanllıq, adalatsızlıq, ashkózlik, baqıllıq, eki júzlilik, opasızlıq sıyaqlı illetler qaralanadı.

Yassawiy insaplı bolıwǵa shaqıradı. Insapqa keliw, hújdanan jasaw ushın oylap kóriw, haq joldı nahaqtan ajıratıp alıw lazımlıǵın uqtıradı:

Ata-ana, qarındas, qayǵa ketti,pikir qıl,
Tórt ayaqlı aǵash at bir kún saǵanda jeter.

Sonday-aq shayır hikmetlerinde nápsi haqqında aytadı. Nápsi - adam balasınıń eń baslı dushpanı deydi. Adamnıń nápsi ne nárseni kúsemeydi. Eger adam balası óziniń kewlindegi nárseniń bárin isler bolǵanda, bul dúnya qarabaxanaǵa aylanadı. Sonıń ushın nápsiniń dizginin uslaw kerek. Adamnıń nápsi jasırın túrde orınlanatuǵın bolsa bul – urlıq. Sonıń ushında adamlar «meniń urlıǵımdı hesh kim kórmedi dep oylaydı. Biraq Alla bunı kórip esapqa aladı», dep aytadı.

Haqıyqatında sufizm táliymatı pútkil musılman xalıqlarınıń sociallıq hám ruwxıy turmısında úlken áhmiyetke iye bolıp, bul xalıqlarda ilim-pán, mádeniyat hám ádebiyattıń rawajlanıwına júdá úlken tásirin tiygizgen. Shıǵıstıń shayır hám jazıwshıları, oyshıl hám ulamaları sufizm filosofiyasınan ruwxıy azıq alıp onıń insanparwarlıq, haqgóylik, adalatlılıq sıyaqlı ideyalarınan ruwxlanǵan. Biz búgingi kúnde sufizmdı úyrenbesten ózimizdiń ózligimizdi, yaǵnıy orta ásirler dáwiri tariyxı haqqında, xalqımızdıń ruwxıyatı haqqında, osı dáwir filosofiyalıq hám kórkem pikirlewi haqqında tuwrı túsinikke iye bolıw múmkin emes.

Sufizmdi hár tárepleme hám quramalı analiz etiwdiń aktuallıǵı jáne bir sebep penen baylanıslı. Milliy ǵárezsizlikti qolǵa kirgizgenimizden soń baspa sózde sufizm tariqatları (yassawiya, kubraviya, naqshbandiya....) hám olardıń tiykarın salıwshıları haqqında arnawlı maqalalar jáŕiyalandı [6]. Álbette biz bular menen sheklenip qalmawımız kerek edi.

Juwmaq ornında sonı atap ótiw zárúr, jurtımızda sufizm tariyxı hám ilimiy-aǵartıwshılıq miyraslarına tiyisli kóplegen izertlewler alıp barılmaqta hám búgingi kúnge kelip bul izertlewler óziniń jańa basqıshına kóterildi. Atap aytqanda, jaqın tariyxımızda ámelge asırılǵan izertlew jumısları analizinde de bul jaǵdaydı baqlawımız múmkin. Atap aytqanda,

- Ǵárezsizliktiń dáslepki jıllarındaǵı izertlew jumısları menen búgingi kúndegi ilimiy izertlew jumıslarınıń salıstırmalı analizine itibar qaratsaq unamlı mániste rawajlanǵanlıǵın gúzetemiz;

- ilimiy tutınıwǵa jańa tariyxıy maǵlıwmatlar hám ilimiy ideyalardıń kirip kelgenin de kóriwimiz múmkin;

- ilimiy baǵdarda alıp barılǵan izertlewler analiz etilgende usı nárse málim boldı, yaǵnıy izertlew jumıslarında tiykarınan Yassawiylik tariqatın úyreniw menen sheklenip qalıp atırǵan joq.

Watanımız tariyxında kóplegen ullı ulamalarımız hám úlken ilimiy miyraslarımız bar ekenligi bizge maqtanısh sezimin beredi, biraq sonıń menen birge bul maqtanısh sezimi bizge úlken juwapkershilikti de júkleydi. Bul juwapkershilik júgi óz gezeginde bizge babalarımızǵa múnásip túrde jasaw, rawajlanıw, bir neshe mıń jıllıq tariyxıy miyraslardı úyreniw hám keleshek áwladqa jetkiziw arqalı "Úshinshi renessans" tiykarına ózimizdiń múnásip úlesmizni da qosıwdı talap etedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Mirziyoyev Sh.M. Buyuk allomalar, adib va mutafakkirlarimiz ijodiy merosini keng o'rganish va tarǵib qilish maqsadida yoshlar o'rtasida Kitobxonlik tanlovlarini tashkil etish to'g'risidagi Qaror, Xalq so'zi, 2018 yil, 15 may

2. Абдурауф Фитрат. Танланган асарлар. 2-жилд: Илмий асарлар - Тошкент., «Маънавият», 2000 - Б. 142.

3. Аҳмад Яссавий. Девони ҳикмат. – Тошкент: Ғ.Ғулом номидаги Нашриёт-матбаа бирлашмаси, 1992. − 20-бет.

4. Бертельс Е.С. Суфизм и суфийская литература. М. 1965 с.39

5. Аҳмад Яссавий. Девони ҳикмат. – Тошкент: Ғ.Ғулом номидаги Нашриёт-матбаа бирлашмаси, 1992. − 33-бет.

6. Bo'ranov K.B. Tasavvuf falsafasi xususida. T. 2000.7-bet

7. Каримов И.А. Оллоҳ қалбимизда, юрагимизда. – Тошкент: "Ўзбекистон", 1999.